



## CITY OF MALDEN, MASSACHUSETTS

### THE PUBLIC SCHOOLS

Janice Raymond, M Ed.  
Director of Literacy & Title I

74 Sylvan Street Malden, MA 02148    Tele. (781) 397-6107    Fax: (781) 397-781-397-1509    Email: [jraymond@maldenps.org](mailto:jraymond@maldenps.org)

February 27, 2019

Chè Fanmi:

Chak ane, chak lekòl piblik ak distri lekòl nan Massachusetts resevwa yon bilten kanè. Kòm kanè pitit ou montre kijan yap pèfòme nan diferan matyè, bilten kanè lekòl la fèt pou montre fanmi yo kijan lekòl nou yo ap pèfòme nan diferan zòn. Wap jwenn yon lyen pou bilten kanè nou yo ki disponib nan. [www.maldenps.org](http://www.maldenps.org). Bilten kanè a gen ladan plizyè mezi sou pèfòmans yon lekòl – plis pase nòt MCAS sèlman. Li reprezante yon nouvo fason pou gade pèfòmans yon lekòl, lè ou bay enfòmasyon sou akonplisman yon elèv, kalifikasyon pwofesè, opòtinite ansèyman elèv, ak plis ankò.

Bilten Kanè a fèt pou li kapab yon zouti itil pou tout moun ki konekte nan lekòl nou an. Fanmi yo ka itilize enfòmasyon pou gen konvèrsasyon konstriktif avèk nou sou pèfòmans lekòl la epi si gen plas pou amelyorasyon. Lidè edikasyon ak kominotè yo ka itilize enfòmasyon an pou pi byen konprann kijan pou sipòte elèv ak lekòl nou an. Ou pral remake nan bilten kanè nou an ke nou Montre amelyorasyon nan prèske tout responsablite zòn nan. Pou amelyore pèfòmans elèv la nan lekòl nou an, nou Konsantre sou devlope pi fò elèv ekri pou amelyore nan tout domèn responsablite. Nou ankouraje w pou vin patisipe nan ede nou amelyore lekòl nou an. Nou konsidere paran yo kòm patnè enpòtan nan siksè elèv nou yo ak lekòl la, e nou rekonesans pou sipò kontinyèl ou.

Finalman, si pitit ou enskri nan yon lekòl ki resevwa lajan federal Tit I, ou gen dwa tou pou mande enfòmasyon ki annaprè a sou kalifikasyon pwofesè yo nan salklas pitit ou:

- Keseswa pwofesè pitit ou gen lisans nan nivo klas la ak matyè yap anseye a,
- Keseswa pwofesè pitit ou an ap anseye avèk yon lisans ijans oswa yon egzansyon,
- Degre kolèj ak spesyalite pwofesè pitit ou, ak
- Keseswa para-pwofesyonèl la bay pitit ou sèvis epi, si se konsa, kalifikasyon yo.

Si ou gen kesyon sou bilten kanè lekòl nou an, ou ta renmen vin ptisipe nan aktivite amelyorasyon lekòl la, oswa ou ta renmen mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè salklas pitit ou an, tanpri kontakte the principal, Donald Concannon. Pou w gade bilten kanè distri nou an oswa pou chèche bilten kanè lòt lekòl, vizite [reportcards.doe.mass.edu](http://reportcards.doe.mass.edu).

Sincerely,  
Janice Raymond, Director of Literacy & Title 1

